**ӨЗБЕКИСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРЫ ҲӘМ ОРТА АРНАЎЛЫ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРЛИГИ**

**БЕРДАҚ АТЫНДАҒЫ ҚАРАҚАЛПАҚ МӘМЛЕКЕТЛИК УНИВЕРСИТЕТИ**




**«СОЦИАЛ-ЭКОНОМИКАЛЫҚ» ФАКУЛЬТЕТИ**

# РЕФЕРАТ

**Орынлаған:** **4а-Финанс қәнийгелиги студенти - Досбергенов А.**
**Қабыллаған:** **Утебаев. М.**

**Нөкис**

# Тема: Өзбекистан ғəрезсиз раўажланыў жолында.

## Реже.

I. Өзбекистанда базар қатнасықларына өтиў мəселелери ҳəм олардың шешилиўи.

II. Өзбекистанның ғəрезсизлигиниң жəрия етилиуи.

III. Өзбекситанның дүнья жəмийетинде мүнəсип орын ийелеўи.

**Пайдаланылған әдебиятлар.**

**Интернет сайтлары.**

## Өзбекстанда базар қатнасықларына өтиў мәселелери ҳәм олардың шешилиўи

Президентимиз өз басшылық жумысын баслағаннан берли республикадағы көплеп сиясий-социаллық мәселелеридиң тийкарында узақ жыллар даўамында ҳүким сүрип келген административлик-буйрықпазлық дүзиминиң тәсири жатыўын, соларға қарап оларды шешиўдиң бирден бир жолы-бул экономикада базар қатнасықларын басқышпа-басқыш қәлиплестирип ҳәм раўажландырып барыў зәрүр екенлигин белгилеп берди. Яғный, бул процесстиң мақсетке муўапық тәризде, нәтийжели ҳәм ең кереги, халық турмыс дәрежесине кери тәсир көрсетпеген ҳалда әмелге асырыў ушын төмендегилерге кеңирек итибар қаратты:

- Өзбекистан шараятында базар механизминиң әҳмийети ҳәм мазмунына сергеклик пенен ҳәм ҳәр тәреплеме реаль баҳа бериў, оның ҳүким сүриўинде жүзеге келиўи мүмкин болған қурамалылар ҳәм унамсыз ақыбетлерин көзде тутыў, өтиў дәўири кескинликлерин жумсатыўда жәрдем беретуғын зәрүр механизимлерди алдыннан жаратып қойыў керек;

- нанның усақлап сатыў баҳасы, басқа нарықлардан айры халда бир тәрептен көтерилиўи ғәлле менен пахта, олардан алынатуғын өнимлер баҳаларының эквивалентлилигине ерисиў жолындағы - ҳәрекетлерди, көзде тутылып атырған жағылғы, металл ҳәм техника баҳаларының асырылыўы болса пахтаға ҳақы төлеўди көбейттириў тәртиплерин толық жоққа шығарады;

- республика ушын үлкен әҳмийетке ийе болған басланғыш шәраятларды есапқа алыў ҳәм турақластырыў мәселесине терең итибар қаратыў лазым;

- базар экономикасына өтиў концепциясы ҳаққындағы СССР ҳүкиметиниң жыйналысында инвестицияларды қысқартырыў мәселесиниң қойылыўы қәте, себеби ислеп шығарыўдың барлық техникалық ҳәм структуралық дәрежесинде (бул тәрептен алдынғы мәмлекетлер дәрежесинен

15-20 жыл ҳәм оданда көбирек арқада қалған еди) бундай сиясат бетер изде қалыўшылыққа алып келеди;

- мақсетли, қурамлық сиясатты, капитал қурылыстағы үстин жөнелислерди, алдын тамамланбаған қурылысларды кескин қысқартырыў мақсетинде түптен қайта қурып шығыў зәрүр;

- халық сиясий қорғаўшысының анық ҳәм тәсиршең механизимлери зәрүр;

- үй-жай қурылысына әҳмийетли итибар қаратыў зәрүр. Бунда жақын бес жыл ишинде 67-68 миллион квадрат метр үй-жайды пайдаланыўға тапсырыў, 6 миллиондан артық адамның үй-жай шараятын жақсылаў ўазыйпасы қойылыўы үлкен әҳмийетке ийе;

- халыққа каммунал хызметти кескин жақсылаў, сонлықтан, халықтың орайластырылған суў тәмийнаты дәрежесин 52 пайыздан 67 пайызға жеткизиў, Аралбойы зонасында болса 1995 жылға шекем барлық халықты орайластырылған суў тәминатына өткизиў, аўыл халқы пунктлерин газлестириў сүўретлериниң еки барабар артыўы әҳмийетлидир;

- республикадағы сиясий өзгерислерди шешиў бюджет қаржыларынан тысқары ўәзирликлер, шөлкемлер, кәрхана ҳәм шөлкемлериниң өз үлеслерин қосыўын тәминлеў керек.

- республикада өтиў дәўириндеги ресурс ҳәм имканиятлардан сыпатлы пайдаланыў, халықтың социаллық қорғалыўының, әсиресе, кем тәмийнленген халықтың сиясий тәминлениўиниң исенимли механизиминиң ислеп шығарылыўы;

- республикада мүликшиликтиң қандай түрлери болыўын анықлап алыў;

- айырым мәмлекет мүлкиндеги ислеп шығарыў обьектлерин мүликшилик ҳәм хожалық жүритиўдиң басқа түрлерине айландырыўды белгилеп алыў;

- пайдаланыў өнимлери, халық өнерментшилиги, халық дөретиўшилиги өнимлери ислеп шығаратуғын, улыўма аўқатланыў ҳәм хызмет көрсетиӯ саласындағы яки жәрдемши кәрханалар, екилемши ресурсларды ҳәм ислеп

шығарыў қалдықларын қайта ислейтуғын үлкен бирлеспелердиң айырым буйыртпаларын ислейтуғын кәрханаларды киши жеке кәрханалар көринисинде пайда етиўдиң нызамлы тәртибин анық белгилеп қойыў;

- жоқары ислеп шығарыў комплекслери, сонлықтан, мәмлекеттиң басқа аймақлардағы комплекслер тәрепинен майда ҳәм орташа кәрханалар, филиаллар ҳәм цехлар қурыўды хошаметлеў;

- жәрдемши ислеп шығарыў бөлинмелери дүзилисинде олардың мийнет жәмәәларын үй-жай ҳәм сиясий, мәдений обьектлер менен толық тәминлеў;

- қоспа кәрханалар қурыў жумысларын жеделлестириў ҳәм басқалар.

Административлик-буйрықпазлық дүзими өз өмирин өтеп, базар қатнасықларына өтиў ҳәрекетлери енди ғана жүз берип атырған бир дәўирде, республика Жоқары Кеңесиниң сессиясында тастыйықланған базар қатнасықларына өтиўдиң дәстүри Өзбекстанды консерваторлар республикасы деп натуўры критика қылыныўына себеп болды. Буған жуўап ретинде, республикамыз басшысы жәмийет раўажланыўындағы «секириў» лердиң кери тәсирлери, әсиресе, Өзбекстандағы аўыр социаллық-экаономикалық шараятта революциялық өзгерислер түрли қәўип-қәтерлер байланыслылығы, улыўма «секирип өтиў» идеясы болса республика ушын аўыр, авариялық ҳәрекетлерге себеп болыўын тийкарлап берди. Усының менен бирге, басқа республикаларда меншиклестириў ҳаққындағы гәп айтылып атырғанда, әйне оппазициялар тәрепинен орынсыз критика қылынып атырған «консерваторлар республикасы»нда биринширлерден болып жеке кәрханалар пайда болды. Республикада дүканларды ҳәм өз-өзине хызмет көрсетиў тараўын өзлестириў басланып, 1990 жылдың өзинде 170 мың гектар жер шаңарақларға мийрас қалдырыў ҳуқықы менен ижараға берилди. Бул көрсеткишти ярым миллион гектарға шекем жеткизиў белгилеп алынды. Оннан кейинги ў ақытларда жерлердиң бар жоғы 4,5 пайызында дийханшылық еткен жеке хожалықлар республикадағы азық-аўқат ресурсларының 40 пайызына шекем бергени есапқа алынатуғын болса,

жерлердиң улыўма салмағында бундай участкалар көлеми еки барабардан асқанда азық-аўқат өнимлери көлеми сезилерли дәрежеде асыўы сөзсиз.

**Өзбекистан ғәрезсизлигиниң жәрия етилиў и.**

1990-жылдың ноябрьинде аў кам шартнамасы жойбарында тийкаргы устинлик жане бурынғы Орайға берилди, республикалардын хукыклары болса шекленгенинше кала берди, ГХК макул болмаган шартнама кагыйдалары асаслы рауиште критика кылынды: Республикада сыр ел мамлекетлер менен байланеыс кылыуда дауыс бериу хам хукыктан жане ауелгидей махрум еди, аукам нызамшылыгынын Республика нызамшылыгынан устин турыуы хаккындагы тезис баян етилген, республикалардын жерге, жер асты байлыкларына хам баска табийгый ресурсларга болган мулкшилик катнасыкларын тартипке салыуы СССР уакиллигинин амелге асырылыуына кесент етпеуи лазым еди

---

Аукам басшыларынын барлык харекетлерине карамастан, СССРдын болиниуи басланды: Онын курамынан даслеп Балтик бойы Республикалары (Литва, Латвия хам Эстония) сон Грузия шыкты.

1991-жыл 15-февральда Озбекстан ССРы Жокаргы Совети «Озбекстаннын мамлекетлик белгилери хаккында»гы айрыкша карар кабыл етти. Онда сондай дейиледи: «Гарезсизлик хаккындагы декларацияга амел кылып Озбекстан ССРы Жокарга Кенеси карар етеди:

1. XII-шакырык Жокаргы Кенес II-сессиясында дузилген Озбекстан ССР Конституциясы (Тийкаргы Нызам) жана жойбарын таярлаушы комиссияга Озбекстан ССРынын жана мамлекетлик байрагы, герби хам гимнине тийисли усыныска хамде олар хаккындагы нызамлар таярлау тапсырылсын. Комиссия республика жамаатшилиги хам депутатларынын пикирлерине таянып ис корсин.

2. Бул барадагы усынислар галаба хабар куралларында жария етилиб улыума халык додалау шолкемлестирилсин.»

Озбекстан Жокаргы Совети кабыл кылган нызамлар, Озбекстан Президентинин Парманлары, Хукимет карарлары улкен ахмийетке ийе

болып, олар республиканын экономикалык хам сиясий тарептен гарезсиз рауажалныу жолына туурыдан-тууры каратыла баслады.

Озбекстанда жана басшылык тарепинен социаллык-экономикалык салаларды мамлекет жолы менен баскарыу органлары беккемленди. 1991-жылы мартта республикалар уакиллери тарепинен аукам шартнамасынын баска жойбары таярланды. Усы жойбар «Суверен республикалар аукам хаккында» деп аталды. Бул жойбардын тийкаргы идеясы – коп миллетли аукам мамлекетин Федерация сыпатында саклап калыу хам сонын менен бирге Республикалар Суверенитетин амелге асырыу себепли орайдын жана уазыйпасын хам белгилеу еди (1). Сондай-ак жойбар республикалар суверинетети хаккындагы декларациясын есапка алган болсада, бул «суверен» мамлекетлер емес, балки «республикалар» аукамы хаккындагы шартнама еди. СССР Президенти хам тагыз аукамлар Республика басшылары катнасындагы Ново-огоевада болып откен жыйналыста принцпиал даулы маселелер жузесинен тареплерди канаатландыратугын питимге келинди – «Суверен мамлекетлер аукамы хаккында»гы шартнаманы дузиуге келисип алынды. Озбекстан делегациясы сойлесиулер барысында жаналанган аукамга кириу ози ушын жуда ахмийетли болган шартти – барлык республикалар халкы ушын бирден-бир болган пенсия менен тамийинлеу, дараматларды индексация кылыу хам кун кешириу ушын зарур болган кепилленген ен кем мугндар тартибине амел кылыуды катты турып коргада (2).

Республикада жамийетти демократияластырыу, Озбекстаннын хукукый суверенитетини орнатыу, мамлекетте жасап атырган коп санглы миллетлердин татыулыгы хам тенлигин тамийинлеуге ерисиу И.А.Каримов баслык сиясий басшылыктын тийкаргы уазыйпалардан бирине айланды. Озбекстан халкы Республика басшылыгынын жузеге келген жагдайды туракластырыу, экономикалык хам сиясий гарезсизликти тамийинлеу жолындагы ис харекетлерин коллап кууатлау. Себеби Озбекстан басшылыгы халыктын калеу-тилегин есапка алып, онын маплерин гозлеп ис журиткен еди.

1991-жыл 22-июльда Озбекстан ССРы Жокарга Совети «Озбекстан аймагында жайласкан аукамга бойсыныушы мамлекет карханалары, мекемелери хам шолкемлерин Озбекстан ССРынын хукыкый багыныуына откизиу хаккында»гы карар кабыл етилди

## Өзбекстанның дүнья жәмийетинде мүнәсип орын ийелеўи.

«Өзбекстан ғәрезсизликке ерисиў босағасында» китабында мәмлекетимизде ғәрезсизликке ерисиў, халқымыздың нызамлылық мәплери ҳәм еркинликлерин тәмийнлеў барысында ишки сиясатқа тийисли ең үстин мәселелер Ўатанымыздың жәҳән ҳәм жәмийетинде мүнәсип орын ийелеўи , теңлер ишинде тең болыўын тәмийинлеўдек сыртқы сиясатқа тийисли уллы ўазыйпа менен биргеликте алып барылғанын көремиз. Бул, өз нәўбетинде, Журтбасшымыз Ислам Каримовтың барлық мәселелериниң концепциясын комплекс тәризде ислеп шыққаны ҳәм бир пүтин ҳалда, өзара үзликсиз байланыслылықта әмелге асырылғаны, оның қаншелли узақты гөзлеп ис тутатуғын сиясатшы екенин және бир мәрте тастыйықлайды. Әне мәмлекет анық болғаны, оның өз алдына қойған улыўмалық стратегиягы-әне усы мәмлекеттиң миллий мәплерин қорғаў ҳәм беккемлестириў стратегиясына бойсындырылады. «Өзбекстан ғәрезсизликке ерисиў босағасында» китабынан орын алған барлық шығыўлар, әҳмийетли ҳүжжетлер мысалында булл ҳақыйқатқа тола исеним билдириўимиз мүмкин.

Ҳақыйқыйқаттан да, Ислам Каримов Өзбекстан баслығы сыпатында ис баслаған биринши күнлериде-ақ, , қаншелли аўыр ҳәм қыйын болмасын, ишки ҳәм сыртқы сиясат мәселелерин бир жерден-тек ғана республикамыз мәплеринен түрип шешиў бойынша кең көлемли хызмет алып барды. Мәселен, сол пайытта халқымызға қарай әдалатсызлық ҳәўижине шыққан, ОРайдан келген Гдлян ҳәм Иванов басшылығындағы тергеўшилер топары қаншадан-қанша гүнәсиз адамларды «парахорлық», «қосып жазыў», «көзбояўшылық» деген, күректе турмайтуғын жасалма гәплер менен айыплап, нызамбузарлықты ҳәўиж алдырып жиберген еди. Булл да, жетпегендей, Орайдағы үлкен-үлкен совет ғалаба ҳабар баспалары халқымызға тынымсыз дөҳмет, ҳәм жалалар боранын жаудырар еди. Бул, өз

нәўбетинде, ески Аўқамда, жәҳән жәмәәтшилигинде Өзбекстан ҳаққында, оның халқы ҳаққында, надурыс пикир ҳәм карасларды қәлиплестирер еди. Буны өз ўақтында И.А.Каримов әўеле республикамызда Гдлян ҳәм Иванов хызметине шеек қойыў, мыңлап адамларға қарата әдалатты, олардың нызамлы ҳақ-ҳуқуқларын тиклеў, өзлерин, шаңарағын дөҳметлерден қутқарыў бойынша үлкен әмелий ислерди баслаған болса, әйне ўақытта советлердиң ең атақлы минбарларынан турып, халқымыздың пәк атын, атағын, батыл қорғаўға киристи. Бундай күшли ҳәрекетлер еле калония тола ҳүкмран болып, турған сол қәўипли жылларында-ақ өзбек халқы, Өзбекстан ҳаққындағы көз карaслардың жәҳән халқы ортасында унамлы тәрепке өзгерисине себеп болды. Сол менен ьирге бундай қатаң ҳәрекетлер Өзбекстанды дүнъяға ҳақыйқый жүзи менен таныты́ў жолындағы сол пайытқа шекем ҳеш ким қылмаған, өте батына алмаган тарийхый қәдемлер еди.

Журтбасшымыз Россияның «Известия», «Комсомольская правда», «Рабочая трибуна», Германияның «Ди Цайт», Хиндистанның «Таймс оф Индия» сыяқлы жәҳәндеги атақлы баспаларға берген интервьюлери, республика ҳәм Аўқам дөгерегиндеги үлкен жыйналыслардағы шығыўларында, әсиресе, Өзбекстан Жоқарғы Кеңесиниң 1992жыл 4 январдағы нәўбеттен тысқары тоғызыншы сессиясында сөйлеген лекциясында журтымыздың ишки өмириндеги өзгерислер, реал ситуация еркин сыртқы сиясат жүргизиўди көрсететуғынлығын тийкарлап береди. Оның пикиринше еркин сыртқы сиясат-еркин миллий мәмлекетшиликтиң ең әҳмийетли үстин атрибуты ҳәм шәртидур. Сонны айтыў керек, Өзбекстанның ишки сиясаты қаншелли терең ойланған болса, оның сыртқы сиясаты да әйне усы принциплерге тийкарланған ҳалда ислеп шығылғаны ҳәм әмелге асырылғаны усы китап бетлерине әтираплыша жарытып берилген.

Ислам қаримов ишки сиясатта қаншелли уллы батыллық, азыкем күш және жоқары ойлаў менен хызмет алып барған болса, булардың барлыгы оның сыртқы сиясат барысындағы хызметинде де айқын көринеди. Айтыў

мүмкин болса, республикамыз баслығының сиясаттың шешиўши әне усы еки бөлиминдеги хызметин гәҳи оңға, гәҳи шепке шердей тасланып, өз артынан киятырған ел-журтқа жол ашып берип атырған уллы баҳадырлардың мәртлерше ҳәрекетлерине қыяслаў мүмкин.

Ҳәзирги тыныш заманда мәмлекет баслықларының ишки ҳәм сыртқы сиясат барысындағы хызмет мәселелери бир неше ай, базыда ҳәтте оннан да зыят ўақыт алдын режелестирилип, ҳәр бир кешеге әўелден пухта таярлық көрип барылады. Лекин 1989-1991жылларда жағдай сондай күшли даўылдай ҳәмме жақты титретип  тезлик пенен өзгерип турар еди, базыда ҳәм ишки, базыда ҳәм сыртқы сиясатқа тийисли актуал мәселелерди бир ўақыт, бир минуттың өзинде шешиўге туўра келетуғын еди.

Мәселен, 1991жыл 19августта Ислам Каримов сыртқы сиясат мәсеселери менен Ҳиндистанда рәсмий шақырықта болған ўақытта, ески Аўқамда ГКЧП ўақыясы жүз берди. Тезлик пенен Өзбекстанға қайтып, ишки сиясатта жүзеге келген өткир мәселелерди-адамларды ГКЧП қарарлары надурыс екенине исендириў, оларды бийкарға жеңил-желпи шақырыўларға ушпаслыққа шақырыў,  ең әҳмийетли, журтымызда тынышлық ҳәм тең салмақлылықты сақлап қалыў, туўры жолдан шалғытыўшы ҳәр қыйлы экстремистик ҳәрекетлерге жол қоймаў лазым. Соның ушын Ислам Каримов аэропроттан туўры ҳүкимет үйине келеди ҳәм ишки ситясаттың ең әҳмийетли мәселелерин шешиўге кириседи. Мәмлекет басқарыўында бундай қурамалы мәселелерди тезлик пенен, ақылана ҳәм шешиўге ҳәмме сиясатшылар да қәдир болмайды. Буның ушын күшли  ерк, үлкен ақыл-қабыл етиў ҳәм кең ойлаў, өз күшине исеним керек болады. Өзбекстанға қоңсы базы мәмлекетлерде  баслықлардың ерк күшиниң әззилиги, узақты гөзлеп сиясат алып бара алмаслығы себепли қандай аянышлы жүз бергенин көрдик. Олар жағдай азғана  кескинлесе баслаўы менен машқаланы шешиўдиң орнына өз ўазыйпасын таслап, халық ҳәм мәмлекет алдындағы жуўапкершилигин умытып,  шетке қашып кеткени ғалаба хабарларынан жақсы белигили.

Бизиң Журтбасшымыз Ислам Каримовке тән қатаңлық ҳәм данышпанлық сонда көринеди, өзара қарарларды зәрүр халатларда бердемлик пенен қабыл етеди. Қолайсыз жағдайларда ҳәтте саатлар , минутлар ҳәм көп нәрсени шешиўге жақсы түсинеди. Әдетте, мәмлекет баслығы тәрепинен имзаланатуғын базы нызам ҳәм қарарларда «Ғалаба хабарда дағаза қылынған пайыттан баслап күшке киритеди» деген көрсетпе болады. Мына китаплар айырым ҳүжжетлерде «Имзаланган пайыттан баслап күшке киреди» деп айтып өткен. Бул, өз ҳүжжетлердиң ҳәр бир минут шешиўши әҳмийетке ийе болған драматик жағдайларда қабыл қылынғанлығын көрсетеди.

Журтбасшымыз тәрепинен әмелге асырылған әне сондай ақылана ҳәм тетик турып сыртқы нәтийжесинде ғәрезсизликке ерискенимиздиң бир жыллығы әтирапында дүнъяның отыз мәмлекети Өзбекстан Республикасын таныды ҳәм тән алды. Америка Қоспа Штатлары, Канада, Туркия, Япония, Уллы Британия, Саудия Арабыстаны, Иран, Пакистан, Ҳиндистан, Қытай сыяқлы жетискен мәмлекетлер әне усы солар қатарынан. Бул исеним руҳиятымызды көтерди, ремпубликалар менен де қайта қурыў дәўиринде үзилген сезимлерРИШТА лер байланып орнатылып, жақсы мүнәсибетлер орнатылды. Буның тастыйығын Ислам Каримовтың Өзбекстан Республикасы Жоқары Кеңесиниң нәўбеттен тысқары IX сессиясындағы сөзинде (1992жыл 4январь) көриў мүмкин. Лекцияда айтыўына қарағанда, **«Өзбекстан, Россия, Украина, Беларусь ҳәм басқа мәмлекетлер менен достана байланысларды беккемледи. Орта Азия республикалары ҳәм Қазақстан-қандас-қарындас қоңсыларымыз бенен жәнеде жақынрақ болдық. Бүгин соны кәмил исеним менен айтыўым мүмкин, еркин мәмлекетлер дәўиринде Өзбекстан өзиниң орнын ийеледи. Өзбекстан теңлерара тең болды. Әне соның өзи де үмит жулдызы.**

**Экономика тараўында бурылыс басланды. Тек ғана 1991 жылдың өзинде базар экономикасына өтиў ушын бир қанша ислер қылынды. Мүлкшилик, исбилерменлик, шет ел мәмлекетлери менен саўда-сатық**

**ҳәмде инвестициялар ҳаққында ҳәм басқа қаншадан-канша нызамлар қабыл етилди. Экономикалық еркинлик, кәрханалар, хожалықларға еркинлик, фермерлерди қоллап-қуўатлаў, жеке атыз ийелерине жәрдем бериў бойынша пәрманлар шығарылды.**

**Жеке мүлк пайда болды. Бизнесс раўажлана басланады. Шет ел мәмлекетлер көмегинде қоспа кәрханалар көбейе барды. Банк системасы бойынша да, жәҳәнге шығылды.**

**Дүнъя исбилерменлери ушын журтымыз шараят жаратылды. Өзбекстан өзиниң алтын ғәзийнесине ийе болды. Халқын өзи басқарыў ҳәм бағыў мәселесин Өзбекстан өзи шеше баслады. Әпиўайы пуқараларға, ҳәр бир шаңараққа өз несийбесин тәмийинлеўге көмек бериўде биринши қәдемлер қойылды. Республикамызда, қалада да, аўылда да тетик ҳалда еркин түрде ҳәрекет етиў жолы ашылды».**

## Пайдаланылған әдебиятлар.

1.Өзбекистан Республикасы Конституциясы. – Т.: «Өзбекистан». 2010 – ж.

2. И. А. Каримов «Жоқары мәнаў ият – жең илмес күш» - Т.; 2008 – ж.

3. И.А. Каримов «Тарийхый еслеў лерсиз келешек жоқ». Ташкент, 1998 ж.

4. Мамбетуллаев М., Туребеков М., Юсупов О. «Қарақалпақстан тарийхы» - «Қарақалпақстан» 2010 – ж.

5.«Өзбекистанның жаң а тарийхы» - 2000 ж.

**Интернет сайтлары.**

www. Google. Uz

www. Ziyonet. Uz

www. Edu. uz